**K2 se yon pwodwi ki tankou plant, yo flite ak pwodwi chimik moun fè. Li ka fè efè sou ou ke w pa t atann epi li ka lakòz domaj oswa menm lanmò.**




# Si w ap itilize K2, pran swen sante w.

Pou w jwenn konsèy ak sipò gratis ak konfidansyèl 24 sou 24, 7 jou sou 7, rele oswa voye mesaj tèks nan **988** oswa tchat nan **nyc.gov/988**.

NYC Health



**K2 se yon danje pou sante w epi li ka lakòz** anksyete, konfizyon, ajitasyon, paranoya, alisinasyon, somnolans, kè plen, vomisman, batman kè rapid, kriz, ak panse swisidè.

**Konsèy sekirite:**

- **Rete idrate.** Bwè dlo.
- **Ale dousman.** Itilize yon ti kras anvan epi gade kijan w santi w.
- **Evite pran dwòg lè ou poukont ou.** Si li fè move efè sou ou, yon moun ka ede w.
- **Pran dwòg nan yon kote ou abitye.** Si ou vin gen konfizyon oswa paranoya, sa ka ede w.